## НÆ ЦИТГИН УÆЛАХЕЗИ КАДÆ – ÆНОСОН!..

**Иосиф СТАЛИН:** *«Мах нæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнади номбæл устур нивæндтæ ке æрхастан, нæ адæм тугъди рæстæги æнæнимæдзæ берæ гъæуагæдзийнæдтæ æма риститæ ке баййафтонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау фæскъилдуни æма фронти æнæрæнцайгæй ке фæллойнæ кодтонцæ, етæ дзæгъæли нæ фæцæнцæ, махæн бантæстæй знагбæл фæуууæлахез ун…»*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№16 (888) 2023 анзи 6 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман



Къари: ХЕТÆГКАТИ Ивани фурт Геуæргий




*Нæ газети абониккон номер æнæгъæнæй дæр конд æй нæ Цитгин Уæлахези 78-аг  анзи кадæн. Æма ’й игон ба хумæтæги нæ кæнæн Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар **Хетæгкати Ивани фурт Геуæргий** къарæй, – еуемæй, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг е фескъуæлхтæй куд искурдиадæгин балхон, фæстугъд ба иссæй нæ бæсти Гæрзефтонг Тухти зингæдæр разамонгутæй еу; иннемæй ба, хуæрзæрæги, 25 апърели æ райгурдбæл исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1903-1975) æма уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 2-3-аг фæрстæбæл. Мухур ма кæнæн (6-аг фарсбæл) нæ иннæ номдзуд æмзæнхон, инæлар-майор **Къесати Кирилли фурт Алексейи** (1902-1981) тугъдон имисуйнæгтæ, нæ Цитгин Уæлахези сæрбæлтау хъиамæтгæнгутæй еуей, **Цæмæхъати Даукуййи фурт Сæлихи** туххæй е ’мгъæуккаг Хидирти Валерийи æрмæг (4-5-аг фæрстæбæл). Устур Фидибæстон тугъди хъазауатонти фæдонтæ дæр абони сæхе лæгигъæдгунæй æвдесунцæ, уæлдайдæр ба, сæрмагонд æфсæддон операций си ка архайуй, етæ. Уонæй еуей, **Гобети Артеми фурт Сергой** туххæй æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл. Аци цардбæллон лæхъуæн е ’фсæддон ихæс æнхæсткæнгæй, гъулæггагæн, фæммард æй... Аци анз **«Æнæмæлгæ полк»-и** рацуд арæзт ке не ’рцæудзæнæй, уомæ гæсгæ нæ газети еугур фæрстæбæл дæр фæууинæн ес нæ хъиамæтгун тугъдонти къартæ.*

### БÆРÆГБОНИ АРФÆ



## НÆ ЕУГУРЕЙ ИХÆС – НÆ УÆЛАХЕЗИ КАДÆ ЦИТГИН КÆНУН!..

***Нæ Цитгин Уæлахези 78-аг бæрæгбони фæдбæл Цæгат Иристони Сæргълæуууæг** Сергей Меняйло **зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики цæргутæн. Æ арфи нистауæни зæгъуй:***

– Цитгин Уæлахези Бон æй табуйаг бæрæгбон, нуриккон Уæрæсей кадæриддæр цæруй, е ’хсаргин анзфинстæн ин кадæ ка кæнуй, Устур Фидибæстон тугъди фронтти уодуæлдайæй ка фæхъхъазауат кодта æма фашизм ка ниддæрæн кодта, нæ еци фидтæлтæн абони æ сæрæй ниллæг ка ковуй, уонæн еугуремæн дæр...

Сергей Меняйло æ арфи финстæги куд зæгъуй, уотемæй махæй некæд феронх уодзæнæй, цæйбæрцæбæл æбуалгъ аргъ фист æрцудæй Уæлахез райсуни сæрбæлтау. Етæ ’нцæ дæсгай миллион æфсæддонти æма афицерти, советон сабурцæрæг адæми, сувæллæнттæ æма зæрæндти цæрдтитæ. Нæдæр Уæрæсе æма нæдæр Цæгат Иристони нæййес уæхæн бийнонтæ, тугъд æ содзгæ фæд кæми нæ ниууагъта.

Цæгат Иристони цæргутæ аккаг байвæрæн бахастонцæ фашизми нихмæ тохмæ. Устур Фидибæстон тугъди тæккæ райдайæнти знаги нихмæ тохмæ нæ республикæй ранæхстæр æнцæ 90 мин нæлгоймаги æма силгоймаги, уонæй 40 минемæй фулдæр сæ цард равардтонцæ нæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни сæрбæлтау.

Абони нæ бон сæрустурæй зæгъун æй уой, æма еци бæгъатæртæн ес, сæрбæрзонд кæмæй ан, уæхæн кæстæртæ. Етæ ’нцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайæг тугъдонтæ æма бархеуонтæ. Æгæрон бæгъатæрдзийнадæ, æма лæгæхсарæ æвдесгæй, етæ тох кæнунцæ, нæ фидтæлтæ цæй туххæй тох кодтонцæ, уобæл – нæ Райгурæн бæсти æдасдзийнадæ æма сабур цард багъæуай кæнунбæл. Нæ зæрдæ син зæгъуй, тагъд рæстæги уæлахезонæй сæ хæдзæрттæбæл куд исæмбæлонцæ!

Сергей Меняйло æ арфи нистауæни кæронбæттæни куд зæгъуй, уотемæй нæ еумæйаг ихæс абони æй – нæ адæми агъазиау æскъуæлхтдзийнадæ, нæ Фидибæстæ ци еудзийнадæ æма еузæрдиуондзийнади фæрци багъæуай кæнун бантæстæй, уони зæрдæбæл дарун æма уæхæн уодигъæдæ нæ абони цардарæзти рæстзæрдæй æвдесун.

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»


**ГЕРГИТИ Дзабой фурт Мæхæмæт**


**ГÆВДУНТИ Бариси фурт Василий**


**ГЕРГИТИ Дзабой фурт Авдрахман**


**ЕЛЕУРТИ Мæрзахъули фурт Мухарбег**



**Иристони намусгин æфсæддонтæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) инæлар-майор ДЗОЦИТИ Барис, болкъон БУТАТИ Барис, инæлар-болкъон ХЕТÆГКАТИ Геуæрги, хестæр лейтенант БЕРÆГЪТИ Эдуард.**

# ÆФСАДИ ИНÆЛАР

*Киеви æфсæддон скъолай артиллерион хайадæ 1926 анзи каст фæуугæй, Хетæгкати Геуæрги æрвист æрцудæй Идард Скæсæни æфсæддон хæйттæй еуемæ. 1928 анзи ’й иснисан кодтонцæ 5-аг Хецæн Кубайнаг бæхæфсади бригади 25-аг бæхгинхуæнхон артиллерион дивизиони батарейи командирæй. Еу бон бригади командир Константин Рокоссовский Василий Блюхери, уæди рæстæги Идард Скæсæни Сæрмагонд æфсади командæгæнæги хæццæ ку фæззинниуонцæ Хетæги-фурти батарейæмæ.*

*– Айæ, федар Шивейсян ка ниддæрæн кодта, еци батарейæ ’й, – рафарста Блюхер.*

*– Е æй, – дзуапп ин равардта Рокоссовский.*

*– Æз ин æ архайдмæ кастæн Чжайлайнори операций рæстæг, – загъта æфсади командæгæнæг. Хуарз уайдæ, кезуй æфсæддон ахурти рæстæг еци архайд нæуæгæй равдесун, цæмæй еци фæлтæрддзийнадæ зундгонд уа еугуремæн дæр.*

*Дзубанди цæй туххæй адтæй? Цæветтонгæ, 1929 анзи Китайи уæди разамунд цалдæр капиталистон паддзахадей ардудæй ракъахтонцæ тугъд Советон Цæдеси нихмæ, фал сæ фудвæндитæй неци рауадæй, еци æрбалæборгутæ дæрæнгонд æрцудæнцæ. Сæ нихмæ Сурх Æфсад исаразта æртæ агъазиау тугъдон операций, сæ еу хундтæй Чжайлайнораг, кæцими фескъуæлхтæй Хетæги-фурти батарейæ дæр.*

*Блюхери Рокоссовскиймæ е ’ргом раздахгæй, загъта:*

*– Мах раст бакæндзинан, Хетæги-фурти Новочеркасскмæ командирти дæсниадæ бæрзонддæргæнæн къурситæмæ ку рарветæн, уæд. Уадзæ æма уоми æ фæлтæрддзийнадæ хъæртун кæна иннетæмæ дæр...*

*Цæмæй зудта Блюхер, рацæудзæнæй рæстæгутæ æма, уоййасæбæл кæбæл банвæрстæй, еци афицер исуодзæнæй нæ Фидибæсти Гæрзефтонг Тухти номдзуддæр архайгутæй еу – Æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр, нæ бæсти æфсæддон зилдтæн сæ агъазиаудæр командæгæнæг.*

**НÆ ХЪÆЙТАРТÆ**



**ХУДÆЛТИ Темирсолтан**
(1921-2001),
историон наукити кандидат

Хетæгкати Ивани фурт Геуæрги (хеуæнттæ æма ’й зонгитæ уарзонæй худтонцæ Габо) райгурдæй 1903 анзи 25 апърели Цæгат Иристони Алагири района Зæрæмæги гъæуи хумæтæг, нæдтæбæл косæги бийнонти хæдзари. Зæрæмæги цуппаркъласон скъола каст ку фæцæй, уæд æй бæргæ фæндадтæй идарддæр ахур кæнун, фал ин æ бийнонти мæгур уавæртæмæ гæсгæ уæхæн фадуат нæ адтæй – гъудæй фæллойнæ кæнун, кæдимайди ба сæ цардиуагæ фæррæвдзæдæр адтайдæ. Ци куститæ кæнгæ ба нæ рауадæй биццеуæн. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ба исæфтудæй Дзæуæгигъæумæ æма косун райдæдта Подагови афтеки тукани, Туати æнсувæрти тукани æфснайæгæй.

Уæдмæ нийййазæлдæй Октябри революци, райдæдта граждайнаг тугъд. Еци цаути гъуддæгутæ исивулдæнцæ Цæгат Иристонмæ дæр, ардигон дзиллæй си, æвæдзи, еуварс ефстæгтæй уæлдай неке райзадæй. Нæ си райзадæй хуæздæр карнæмæ бæллæг Хетæгкати лæхъуæн дæр. Æма Геуæрги барвæндонæй æрлæудтæй нæуæг цардарæзтбæл тохгæнгути рæнгъити, 1919 анзи ноябри бацудæй керменистти гæрзефтонг къуармæ. Уой фæсте ба, Хонсар Иристони партизанти бригади 2-аг полкки рæнгъити уогæй, тох кодта деникинонти уорсгвардион æрдонгти нихмæ. Тугъдон нæдтæбæл цæугæй бахъæрттæй намусгин æфсади 33-аг дивизий 294-аг фестæг æфсæддон полкмæ. Еци æфсад Цæгат Кавкази фæллойнæгæнгути гъæуай кодта медбæстон контрреволюцион тухтæ æма æндагон æрбалæборгутæй.

Уæди рæстæгути цаути архайгæй мæгур, фал сæрæн биццеу кæд æхе хъæбæр бæгъатæрæй æвдиста, уæддæр æ фидæ æма æ бийнонтæ дæр, Зæрæмæги цæргутæн дæр, æвæдзи, сæ гъудити къуми дæр нæ адтæй е, æма Габо хумæтæги рæнгъон æфсæддонæй райдайгæй æфсади инæлари уæнгæ исхъæртдзæнæй, æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй ин исаккаг кæндзæнæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном.

Уогæ æфсæддон гъуддаги уойбæрцæбæл бæрзæндтæмæ исхезун ин ке бантæстæй, е зæгъунмæ æнцон æй, фал лæмбунæг ку ’ркæсæн, уæдта, уой туххæй ци берæ-берæ хъиамæттæ бакæнун æма ци гургъахъ нæдтæбæл æдзæстхезæй фæццæун, ци берæ зиндзийнæдтæбæл фæттухгиндæр ун æй багъудæй, уæд адæймаг дести бафтуйдзæнæй, гъома, куд син бафæразæн адтæй уонæбæл.

Æфсæддон карнæ æхецæн равзаргæй, Геуæрги еудадзуг æвæллайгæй архайдта æ царди ин сæйрагдæр ка иссæй, еци гъуддаги æ зонундзийнæдтæ фулдæр æма бундорондæр цæмæй адтайуонцæ, уобæл. Æма æгириддæр нæ зийнадæ кодта ахур кæнунмæ, ци гæнæнтæ æма ин амæлттæ фæззиннидæ, уонæй æнхæстæй пайда кодта. 1922 анзи каст фæцæй Пятигорски Артеми номбæл фестæгæфсæддон къурситæ, 1926 анзи – Киеви еугонд æфсæддон-артиллерион скъола, 1931 анзи – кавалерион къурситæ Новочеркасски, 1938 анзи – уæлдæр афицерти къурситæ Ф.Э. Дзержинскийи номбæл артиллерион академий размæ, 1949 анзи ба – Генералон штаби Æфсæддон академий афицерти уæлдæр къурситæ.

Ахури бæрзæндтæмæ еци «зудæй» тундзгæй Хетæгкати Геуæрги æхе ци агъазиау зонундзийнæдтæй исефтонг кодта, уони фæрци ин бантæстæй Райгурæн бæсти Гæрзефтонг Тухти рæнгъити служби рæстæг гъæздуг практикон скъола каст фæуун дæр. Взводæй райдайгæй æма полккæй фæууогæй, ци артиллерион дæлхайæдтæн разамунд лæвардта, уоми цæттæ кодта хъæбæр арæхстгин артиллеристти. Етæ Устур Фидибæстон тугъди агъоммæ Идард Хорискæсæни цадæ Хасан æма цæугæдон Халхин-Голи рази тугъдтити бавдистонцæ артиллерион тугъди фæнзуйнаг бæрæггæнæнтæ.



**Еугурцæдесон Центрон æнхæстгæнæг комитети сæрдар Михаил КАЛИНИН (дуккаг рæнгъи астæуæй) паддзахадон хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд ка ’рцудæй, Сурх Æфсади еци командирти хæццæ. Дуккаг рæнгъи (рахесæрдигæй дуккаг) бадуй ХЕТÆГКАТИ Геуæрги. 1941 анзи августи.**

**ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиум 1945 анзи 9 майи сæрмагонд Указæй иснисан кодта майдан «1941-1945 æнзти Устур Фидибæстон тугъди Германибæл фæууæлахез уни туххæй».**

*æма æхсардзийнадæ æрдзæй фæххайгингонд менеуæг æй. Е адæймаги уодиконди гъомбæлгонд цæуй, иннæ уодварнон-тугъдон фæткитæ куд гъомбæлгонд цæунцæ, раст гъе уотæ. Уомæ гæсгæ ба еугур мадзæлттæй дæр архайун гъæуй, цæмæй си æнхæстæй фæххайгин уай...»*



Батарейи, дивизиони политрук уогæй, коммунист Хетæгкати Геуæрги артиллеристти гъомбæл кодта Фидибæстæ рæстуодæй уарзунбæл, еузæрдиуон ун ибæл сæ царди, æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг ихæсбæл æй куд нимайуонцæ æма ’й æнæ секкæй æнхæст дæр куд кæнонцæ, уобæл. Куд коммунист (Коммунистон партий рæнгъитæмæ ба бацудæй 1924 анзи), уотæ æхе раст æма æгъдаугинæй æвдиста, кæд цийфæнди карз уидæ æ домæнтæй, фал раст ке уидæ хæрандзийнадæй имæ æгириддæр ке неци адтæй, адæймагæн æ уодиконд æма æ гъуддæгутæмæ гæсгæ ке аргъ кодта, уомæ гæсгæ æ дæлбарæ æфсæддонтæ ин æ дзурдмæ игъустонцæ, сæ цæсти бæрзонд æвæрд адтæй, зæрдиагæй ин аргъ кодтонцæ.

Устур Фидибæстон тугъд Хетæгкати Геуæргий æрæййафта Прибалтики 21-аг механизацигонд æфсæддон корпуси артиллерий командæгæнæги бунати. Аци корпус гъæуама адтайдæ цæугæдон Нигулæн Двинай рази, фал æнæнгъæлти æрбалæборæг знаг си фæрраздæр æй. Инæлар Манштейни моторизацигонд æхсæг корпус байахæста Вильнюс æма æ размæмпурст итинг кæнун райдæдта, цæмæй Нигулæн Двинабæл бахизтайдæ, æ цæф исаразтайдæ цæгат-нигулæн æрдæмæ.

– Геуæрги Ивани фурт, бардзурд равардтонцæ нæ нихмæлæууæги Утени районæй фесхъæтæг кæнун. Куд æй нæ уавæр артиллерийæй? – бафарста корпуси командир инæлар-майор Д.Лелюшенко артиллерий хецауи.

– Нерæнгæ бал æрбахъæрттæнцæ айдагъдæр дууæ дивизиони, иннæ артиллери ба ма надбæл æнцæ.

– Рæвдзæдæр гъæуй, рæвдзæдæр! – тагъд сæ кодта Лелюшенко.

Гъо æма Хетæгкай-фурт æхуæдæг дæр бæргæ лæдæрдтæй, тагъддæр ке гъудæй, уой. Фал ци ракодтайдæ.

Хетæгкай-фурт разамунд ци 21-аг механизацигонд корпусæн лæвардта, уой дæлхайæдтæ 1941 анзи 3 июли нимпурстонцæ инæлар Манштейни моторизацигонд корпуси нихмæ. Советон артиллеристтæ хъæбæр рæстдзæвийнæ æхстæй дæрæн кодтонцæ сæ нихмæлæугути танкитæ æма фестæгæфсæддонти. Тугъди будури сау хъуæцæ калдтонцæ знаги дæсгай танкитæ, бронехуæдтолгитæ... 121-аг немуцаг фестæгæфсæддон дивизий командир инæлар-майор Ланцелло фæммард æй, немуцаг æфсæддон корпуси размæмпурст уорæд æрцудæй.

Еци карз æма уæззау уавæрти 1941 анзи 7 июли цæрæнбунат Опочкийи рази тугъдтити Хетæгкати Геуæрги фæцæй уæззау цæф. Прибалтики е ’скъуæлхтдзийнæдти туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй хецауадон хуæрзеуæгæй – Сурх Стъалуй орденæй. Уой размæ 1929 анзи ба хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Турусай орденæй. Æ разамундæй артиллерион батарей ниддæрæн кодта китайаг федар Шивей. Еци тугъдмæ кастæй 5-аг Кубайнаг бæхгин бригади командир К.К. Рокоссовкий. Болкъон Хетæгкати Геуæргий тугъдон искурдиадæ уæлдай ирддæрæй рабæрæг æй Мæскуй бунмæ тугъди. 1941 анзи ноябри Геуæрги нисангонд æрцудæй 30-аг æфсади штаби хецауæй. Еци æфсад гъæуай кодта Мæскумæ цæгат-нигулæн бацæуæнтæ.

30-аг æфсади командæгæнæг инæлар Д.Д. Лелюшенко Хетæгкати Геуæргийæн байхæс кодта, æфсади галеуварси 348-аг æхсæг дивизий сибирæгти æма 24-аг æма 18-аг кавалерион дивизитæй хецæн æфсæддон къуар исаразгæй, батонун нихмæлæугути гъæуайкæнуйнадон ханхæ, исуæгъдæ кæнун Рогачево æма скæсæни ’рдигæй нимпурсун знаги гарнизонмæ сахар Клини. 1941 анзи 6 декабри нихмæлæууæги гъæуайкæнуйнадон ханхæ тунд æрцудæй, немуцаг танкити æртиккаг къуар æвеппайди нимпурсти фæрци фæллæмæгъ æй æма дæрæнгонд æрцудæй Хетæгифурти фестæгæфсæддон къуари хъауритæй. Не ’фсæдтæ исуæгъдæ кодтонцæ сахар Клин. Знагæн Клини ци æфсæдти къуар адтæй, етæ дæрæнгонд æрцудæнцæ. Фарæстæймаг размæмпурсæн бони дæргъи, 30-аг æфсад кæми тухтæй, уоми знагæй фæгъгъудæй айдагъ мæрдтæй 22700


ХЕТÆГКАТИ Геуæрги æ цардæмбал Валентини (Зарубин Семени кизги) хæццæ.

адæймаги, дæрæнгонд æма ист æрцудæй 200 танки, 500 дзармадзани æма минометæй фулдæр, æртæ мин автомашинемæй фулдæр, цалдæр мин адæймаги ба уацари ист æрцудæнцæ.

Хетæгкати Геуæрги хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Турусай орденæй æма ин равардтонцæ артиллерий инæлар-майори цин. 1942 анзи декабрæй фæстæмæ Хетæгкати Геуæрги адтæй 3-аг гвардион æфсади штаби хецау, архайдта Сталингради бунмæ контрнимпурсти. 1943 анзи мартъийæй августи уæнгæ командæ кодта еци æфсадæн. Аци æфсад уæд Хонсар – Нигулæн фронти рæнгъити тохидæ, уæдта бабæй 1-аг æма 3-аг Украинаг фронтти рæнгъити. Æфсади хецау уогæй, архайдта размæмпурсæг æфсæддон операцитæ пълан кæнуни æма аразуни гъуддаги Дон, Украинæ, Молдави исуæгъдæ кæнуни туххæй. 1944 анзи январи адтæй 1-аг гвардион æфсади штаби хецау, æфсад архайдта Житомири-Бердичеви æма Проскурово-Черновцийи операцити.

1944 анзи 4 мартъий фиццаг Украинаг фронти штаби хецау инæлар-лейтенант А.Н. Боголюбов гъуддаг не ’сбæлвурд кодта, уотемæй рарвиста телеграммæ, зæгъгæ, дан, 1-аг гвардион æфсад байста Вербовци, Староконстантиново æма Острополь. Хетæгкати Геуæрги еци телеграммæ райста айдагъдæр 5 мартъий. Фронти штаб не ’сбæрæг кодта, телеграммæ кæд райстонцæ 1-аг гвардион æфсади. Гъуддаг уой медæгæ адтæй, æма фронти штаб æгæр фæттагъд кодтонцæ еци цæрæнбунæттæ байсуни туххæй фегъосун кæнунмæ. Хъаугъа


ХЕТÆГКАТИ Геуæргий фидæ Иван (Иликъо)

рауадæй фронти штаби хецау А.Н. Боголюбов æма Хетæгкати Геуæргий ’хсæн, фæстæдæр ба цæхгæрмæ дзубанди рауадæй фронти командæгæнæг Советон Цæдеси Маршæл Г.К. Жуков æма Хетæгкати Геуæргий ’хсæн. Æма уæд Г.К. Жуков Геуæргий исуæгъдæ кодта æ бунатæй. Фал Хетæгкати Геуæрги æхе нæ нимадта фудгинбæл, æ фарс рахуæстæнцæ 1-аг гвардион æфсади командæгæнæг инæлар-болкъон А.А. Гречко æма 3-аг танкити æфсади командæгæнæг инæлар – болкъон Рыбалко. Фарста æвзурста ССР Цæдеси Гъæуайкæнуйнади министради кадрти управлений хецау Ф.И. Голиков. Е равардта бардзурд, цæмæй Хетæгкати Геуæргий исæвæронцæ æфсади штаби хецауæй, фал æндæр, 38-аг æфсади. Фал, Хетæгкати Геуæрги еци бардзурд æхецæн не ’саккаг кодта æма ССР Цæдеси Маршæл Р.Я. Малиновскийи фæндæмæ гæсгæ 1944 анзи 10 майи командæ кæнун райдæдта 3-аг Украинаг фронти 82-аг гвардион Фæскарпатаг æхсæг дивизийæн. 1945 анзи 11 январи 82-аг гвардион æхсæг дивизи, æ хъауритæ 46-аг минометон бригади, 1504-аг рæуæг хуæдтолгæ артиллерион полк æма 351-аг уæззау гаубицити артиллерион полкки дууæ батарейемæй фæхъхъаурæгиндæр кæнгæй, байахæста нимпурст райдайунæн хуарз бунæттæ. Цудæй Вислæ-Одери тугъдон операци. Дивизий ихæс адтæй: батонун знаги гъæуайкæнуйнадæ Гелунув æма Генрукуви ’хсæн æма Зеленкæ, Крушиний ’рдæмæ æмпурсгæй сæйраг тухтæй рацæуун сосе надмæ Урбанув-Беренце-Шляхепкейи рази, раззаг къуæрттæй ба – Каддубек-Транибукийи арæнтæмæ.

Размæмпурсти фиццаг бони кæронмæ дивизи байста знаги дууæ гъæуайкæнуйнадон позиций, байахæста ахсгиаг æфсæнвæндаг Верна-Радоми еу хай. Нихмæлæууæги гъæуайкæнуйнадон тактикон зонæ еугурæйдæр тунд æрцудæй, цагъд æрцудæй 1500 æма уацари райстонцæ 150 гитлерон салдати æма афицери. Дæрæнгонд æрцудæй знаги 18-аг фестæгæфсæддон полкки штаб. 102-аг æхсæзхæтæлон минометти полк, 6-аг немуцаг уæлдæфон флоти аэродромти лæггадæгæнæг дæлхайæдтæ.

Дивизийæн арфæ ракодта Сæйраг Уæлдæркомандæгæнæг æ бардзурдæй. Дивизий цуппар афицеремæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Райдæдта ’знаги æнæрлæугæй соруни догæ. 1945 анзи 19 январи 15 минуттей дæргъи еугур артиллерий тухгин пурхгæнæн æхсти фæсте сæуми æртæ сахаттебæл 82-аг гвардион æхсæг дивизи райдæдта федар Лодзмæ нигулæн ’рдигæй æмпурсун. Знаг æнгъæл нæ адтæй, не ’фсæдтæ фæскъилдунæй нимпурсдзæнæнцæ, уой. Лодзи гарнизон дæр дæрæнгонд æрцудæй. 570 гитлерони бахаудтæнцæ уацари. 1945 анзи 20 январи Мæску уæлахездзаути кадæн лæвардтонцæ салют.

Сахартæ Зиш æма Шварзенц байсуни фæсте 82-аг гвардион æхсæг дивизи 29-аг гвардион æхсæг корпуси разæй æмпурсун райдæдта сахар Познанмæ. Æвеппайди нимпурсгæй, дивизи 24 январи байста знаги аэродром 350 хуæдтæхæг æма планери хæццæ. Познани федари медæгæ адтæй 18 федаргонд æхсæн бунати æма 54 доти, кæрæдзей хæццæ баст адтæнцæ зæнхи буни цæуæнтæй. 1945 анзи феврали дивизи нæуæгæй æмпурсун райдæдта æма дууæ къуæрей дæргъи гъæддух тугъдтити байста фондз форти, 7 мин гитлерони ниццæгъдгæй. Фал ма разæй адтæй федари медæгæ федар, æ гарнизони ба – 11 мин гитлерони. Æверхъау нимпурсти фæсте Познани федар ист æрцудæй, федари комендант инæлар-майор Маттерн ба гарнизони байзæддæгти хæццæ æхе равардта уацари. Инæлар Хетæгкати Г.И. иссæй сахар Познани кадгин гражданин, дивизий авд салдат æма афицеремæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, уони хæццæ Хетæгкати Геуæргийæн дæр.

***Уодзæнæй ма.***

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»


**ХЪÆБÆЛОТИ Заури фурт Мæжит**


**ХЪУЛЧИТИ Дзахой фурт Хасан**


**ХЪИБИЗТИ Николайи фурт Геуæрги**


**ХЪИБИЗТИ Николайи фурт Марк**

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Коцти Геуæргий фурт Константини райгурдбæл 8 майи æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1913-1946). Устур Фидибæстон тугъди рæстæг фескъуæлхтæй куд торпедон катерти отряди командир.**

***КАРСАНТИ Хъазбег (1910-1997), инæлар-майор, Советон Цæдеси Бæгъатæр: «Евгъуйдзæнæнцæ рæстæгутæ, нæуæг фæлтæртæ райрæздзæнæнцæ, уæддæр гъæуама ма нидæн кæна нæ Уæлахези намус. Фидибæсти сæрбæлтау ка фæттох кодта, уони æскъуæлхт æма рохс нæмттæ дзиллитæ гъæуама арфиагæй имисонцæ...»***

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**МАХЪОТИ Мусай фурт Агубе**



**ЮРЧЕНКО Бариси кизгæ Виктория**



**ШАРМАДИНИ Иосифи фурт Шаликъо**



**ДРЕТИ Бибой фурт Генадихъо**




# НАМУСИ НАДБÆЛ РАЦУДÆЙ СÆРБÆРЗОНДÆЙ...

Лескен рагæйдæр нимад адтæй Иристони устурдæр гъæутæй еуебæл, фал си уæддæр цардарæзти гъуддæгутæ ба иннæ рауæнти хузæн адтæнцæ. Зæгъæн, ести цау си ку 'рцæуидæ, уæд ин æ кой уайтæккидæр базониуонцæ кæрæй-кæронмæ. Гъе уотæ 1915 анзи 7 июли æнæгъæнæ гъæубæстæбæл дæр райгъустæй цийнаг хабар – се 'мгъæуккаг Цæмæхъати Даукуйи бийнонтæ еума кæстæрæй фæффулдæр æнцæ, дуйней фарнæ син цæстуарзонæй балæвар кодта æхсæзæймаг сувæллон, уой дæр биццеу... Исхудтонцæ 'й Сæлих. Берæ арфитæ фæккодтонцæ гъæуи дзиллæ ниййергутæн. Нæ Исфæлдесæгмæ ковгæй, нæуæгигурдæн курдтонцæ амондæй райдзаст ирисхъæ...

Уогæ 'й куд нæ лæдæрдтæнцæ, цард алкæд алцæмæй бустæги лигъз æма рæстмæ нæдтæй нæ райтинг уй, фæууй берæ хæрдтæ æма урдгутæ дæр. Хатгай æ гургъахъ нæдтæбæл ресгæ хъинццитæ 'ркæнун дæр багъæуй. Цард Цæмæхъати устур бийнонти, ке зæгъун æй гъæуй, сæ фæндон нæ фæххайгин кодта æ зæрдрохсгæнæг фадуæттæй. Цæмæн уотæ зæгъун? Етæ раги райзадæнцæ æнæ ниййерæг мадæй æма уомæй æнамонддæр хабар ма ци уа... Мадæй седзæр, дан, æцæг седзæр æй. Еци æверхъаудзийнадæ син сæ карнæ фагæбæл, æвæдзи, нæ банимадта, æма цубур рæстæги фæсте ба сæ хъиамæтгун фидæ дæр æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй.

Сæлих ахур кæнунмæ Лескени гъæуи астæуккаг скъоламæ бæргæ бацудæй, фал си каст ба фæцæй айдагъдæр фондз къласи. Изолдæр ахур кæнуни фадуат ин, гъулæггагæн, нæбал иссæй сæ бийнонти æгудзæг уавæрти фудæй. Æма æ хестæр æммаддælон æнсувæрти хæццæ бавналдта сæ царди хабæрттæ уæддæр ести хузи аразунмæ. Гъе уотемæй ирæзтæй, исбайлæгъ æй …

Цæмæхъати седзæртæ æнову адтæнцæ кустбæл. Лæдæрд син адтæй, адæймаги дарæг æй фæллойнæ, æнæ косгæй хæдзари бийнонтæ дарæн нæййес. Сæ курухон фидæ Даукуйи сæйраг фæдзæхст-уосиат æ исуйнаг зæрди æнцойнитæн уæхæн адтæй:

– Мæ дзæбæх кæстæртæ, нæ зæрдæдаргæ исонибон, иронх уи ма уæд: магоса-хускъастæу адæймаг рагæй ардæмæ дæр æгадæ 'й. Уони нæ дзурддзæугæ фидтæлтæ æвæлгъазитæ-хуæздæргъæуагитæ дзæгъæли нæ хониуонцæ. Хъоди бакæнуни хузæн, уонæн хумæтæги салам дæр неке лæвардта. Цубурдзурдæй, некæмæ нецæмæй нимади адтæнцæ. Гъенур идарддæр ба уæхуæдтæ лæмбунæг рагъудитæ кæнетæ. Уæ зæрдæбæл бадаретæ уæхæн ахсгиаг гъуддаг: ци куститæ кæнайтæ, уони зæрдæй, æнæхийнæй, уодæндзаргæй, уæ уодæй арт цæгъдгæй. Зонетæ, кустæй адæймаг нæуæг кæнуй. Фæллойнæ æй нæ мадæ – нæ дарæг!..

* * *

Цæмæхъати Сæлих æ лæхъуæни кари ку бацудæй, уæд имæ, гъай-гъайдæр, адтæй берæ рохс бæлдитæ. Фал... Райдæдта Устур Фидибæстон тугъд …

Гъæубæсти нæлгоймæгтæй беретæ рандæнцæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй фæййервæзун кæнуни сæрбæлтау тохмæ. Уотæ – Цæмæхъати Даукуййи цуппар фурти дæр, Сæлихи хестæр æнсувæртæ дæр. Сæ фæдбæл фронтмæ ранæхстæр унмæ цæттæ адтæй Сæлих дæр, фал æ кезу нæма æрхъæрттæй, æма бал уотемæй æ карни хабæрттæ кодта. Кæд рæстæг хъæбæр уæззау адтæй, уæддæр цард ба æхе домæнтæ агурдта... Æма 1942 анзи Цæмæхъати Сæлих æ цард байеу кодта е 'мгъæуккаг Елойти Заурбеги гурведауцæ кизгæ Тамари хæццæ.

Æдеугурæй æртæ мæйи рацардæнцæ еумæ дууæ æригон цардæмбали. Еци анзи сосæни (июли) мæйи Цæмæхъай-фуртæн ралæудтæй тугъдмæ цæуни кезу.



**ЦÆМÆХЪАТИ Сæлих æ цардæмбал Тамари (ЕЛОЙТИ Заурбеги кизги) хæццæ.**

Ами æнæмæнгæ уой зæгъун гъæуй, æма кедæрти хузæн е æхе нæ баримахста фæсвæди кæмидæр, Цæмæхъати цæхæрцæстæ нæуæгуосгин æ сæрмæ уæхæн æгадæдзийнадæ не 'рхаста, уæхæн гъуди имæ, куд фæззæгъунцæ, æ фудфуни æмгæрон дæр нæ фæззиндтайдæ.

Гъе уотемæй 1942 анзи сæрди Цæмæхъати Сæлихи æ тугъдон хъазауатмæ рафæндараст кæнуни фæдбæл æрбамбурд æнцæ Даукуййи фæрнæйдзаг хæдзарæмæ хеуонтæ, синхонтæ.

Цæмæхъай-фурт знаги нихмæ тох кодта 1428 рæуæг артиллерион æфсади рæнгъити. Уодæскъунæг, лæгæвзарæн тугъди еугур цаутæ дæр, ке зæгъун æй гъæуй, уæззау адтæнцæ, фал еугуремæй зиндæр ба рауадæнцæ, 1942 анзи сæрди æма фæззæги сахар Сталинградæн æхе медæгæ æма уой алфамбулай ци тугъдтитæ цудæй, етæ. Уонæми архайгæй лескейнаг нифсхаст сержант Цæмæхъати Сæлих æхе равдиста бæгъатæрæй. Æнтæстгинæй æнхæст кодта æ тугъдон бардзурдтæ. Уомæн аккаг æвдесæн æй æ майдан «За оборону Сталинграда». Гъе уотæ æхсаргинæй цифуддæр фудголи æнауæрдонæй, дæрæн кæнгæй, бахъæрттæй Берлини уæнгæ. Ами, фашистон Германий сау лæгæт байсунбæл тугъдтити дæр Цæмæхъай-фурт бавдиста берæ лæгдзийнæдтæ. Бæлвурддæр сæ еугурей кой ракæнунæн равгæ нæййес, фал си æримисдзинан кæцидæрти. Æ тугъдон æмбæлтти хæццæ ниддæрæн кодтонцæ немуцаг автоматчикти агъазиау къуар. Ниппурхæ кодтонцæ дорæй амад дууæ федари. Уоми сæхе римахстонцæ немуцаг тогмондаг лæгсирдтæ. Еци æскъуæлхтдзийнади туххæй Сæлих хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Стъалуй орденæй. Исаккаг ма ин кодтонцæ тугъдон майдантæ «За отвагу», «За взятие Берлина», «За победу над Германией в Великой Отечественной войне 1941-1945 гг.», берæ Арфи гæгъæдитæ æма Кади грамотитæ.

Тугъди цæфсгæ итигъд будуртæй кæд сæрæгасæй æрбаздахтæй, æртинафæйдзуд цæхæрцæстæ тугъдон Цæмæхъати Даукуййи фурт Сæлих, уæддæр е 'нæнездзийнадæ ба зингæ фæллæмæгъдæр æй. Æ тугъдон цæфтæ сæхе иронх кæнун нæ уагътонцæ...

Сæлихæн æхе дзубандитæмæ гæсгæ 1943 анзи æ рази, æ фидбилизæн фехалдæй знаги адзалхæссæг бомбæ. Цæйбæрцæдæр рæстæг фæцæй сикъити буни. Райста уæд контузи, уой фудæй уæдæй фæстæмæ æ гъостæй лæгъуз игъосун райдæдта. Никки – 1942 анзи ба æ галеу къах фæццæф æй, уой фæсте ба – æ реугудур.

Еци сахъатдзийнæдтæ, гъайгъайдæр, гъигæ 'й кæд дардтонцæ, уæддæр æ кустити ба адтæй раззагдæрти рæнгъи. Æ кусти медæгæ æ уодæмбал адтæнцæ æ уæззау циргъком фæрæт æма дзæбокæ.

Сæлихæн æ кæстæртæ куд имисунцæ, уотемæй сæ тугъдаруд æма куствæллад фидæ, фæлмæнтæдзорагæ баба æ зæрди фæндон некæд бауолæфтæй. Цæмæннæ? Уал æнагъом сувæллони сæ къæхтæбæл ислæуун кæнун æнцон гъуддаг нæ адтæй.

Советон Цæдеси еумæйаг адæмон хæдзарадæ тугъди азарæй ихæлд ке 'рцудæй, уомæ гæсгæ 'й фæстугъд нæуæгæй райаразун гъудæй. Уомæ гæсгæ ба Цæмæхъай – фуртæн дæр æгустæй берæ бадунæн равгæ æма фадуат нæ адтæй. Аллихузи кустити дæр уидæ раззæгти хæццæ. Кæми – гъæдикустгæнæг, кæми ба – аразæг … Лескени гъæуи цæргутæй беретæн фæййагъаз кодта сæ ихæлд цæрæн хæдзæрттæ банивæбæл кæнуни гъуддаги. Уой уæлæнхасæн ба ма фæллойнæ кодта арæзтадон бригæдти раздæри Советон Цæдеси берæ облæсттæ æма крайти. Е 'нæзæрдихудт кусти туххæй еу æма дууæ хатти нæ райста Арфи финстæгутæ, Кади грамотитæ, Дипломтæ, æхцай премитæ æма аллихузон зæрдæбæлдаргæ лæвæрттæ.

Нури доги еугай-дугай сувæллæнттæй фулдæр некæмæн ес. Уогæ, беретæн ба бийнонтæ дæр ма ку нæййес. Цæмæннæ?.. Куст кадавар…

**Уæрæсей Гæрзефтонг Тухти исарæзти Бон бæрæггонд цæуй 7 майи. Аци бон ма бæрæггонд цæуй радиой Бон дæр.**

***КАЛОТИ Геуæрги (1916-1978), Советон Цæдеси Бæгъатæр: «Нæ дивизий командир мæ рази дивизий штаби хецауæн ку зæгъидæ: «Бацæттæ кæнæ гæгъæдитæ, цæмæй аци цæргæсæн лæвæрд æрцæуа Советон Цæдеси Бæгъатæри ном...» Уой размæ дæр мæхебæл нæ аурстон, фал уæдæй фæстæмæ ба никки æнауæрдондæрæй дæрæн кодтон фашистти...»***

Финансон цæлхдортæ … Киндзæхсæвæр искæнун ба уотæ æнцон гъуддаг нæй…

Гъе уотемæйти афæйæй-афæймæ, кадаварæй-кадавармæ хаугæ цæунцæ нæ демографий уавæри бæрæггæнæнтæ...

Цæмæхъати Сæлих æма æ уарзон цардæмбал Елоон Тамарæ ба аст сувæллони царди тонхи рауагътонцæ. Кæстæртæ еугурæйдæр еугай-дугайæй гъæугæ ахургонддзийнæдтæ райстонцæ. Хецæн бийнонтæй кадæ æма радæй цæрунцæ Иристони дæр æма Уæрæсей дæр алли рауæнти. Сæ еумæйаг нимæдзæ цуппар фæлтæремæн исхъæрттæй дæс æма æртинсæй адæймагемæ.

Цæмæхъати фæрнæйдзаг хæдзарвæндагæй рацæугæ цалдæр фæлтæрей минæвæрттæ некæд неке «уæлфадбæл рафсарстæнцæ», сæхецæн ести пайдатæ райсунмæ багъавгæй. Некæд некæмæ зулун каст бакодтонцæ. Некæд неке хæццæ фæххилтæ ’нцæ. Некæд неке фудкой ракодтонцæ. Æма уоми уотæ дессагæй дæр, мæнмæ гæсгæ, неци ес. Кæстæр хестæри фæнзагæ ’й. Æндæр некуд!.. Ка кæмæй райгура, уой хузæн ин æнæ уæн нæ фæууй. Уорс хонхæй, дан, айдагъдæр уорс дор зелуй … Æнæмæнгæ, уотæ ’й!..

Цæмæхъати Сæлихæн æ цардвæндаг, гъулæггагæн, æгæр цубур разиндтæй. Æдегурæй дууæ æма æртинсæй анзи … 1978 анзи 29 январи, итигъд арвæй дор æрхауæгау, æверхъау мард фæцæй. Æ царди афæйтæ, ка ’й зонуй, кæмæдæр бæрцæй нæдæр берæ, нæдæр ба минкъий фæккæсдзæнæнцæ… Фал... Æ лæги карæмæ дæр ма, уæууа, ку не ’схъæрттæй. Ци бакиндæуа... Хевæндæ карни хæццæ, дан, бунити хуæцæн нæййес. Фал, уæддæр зæгъун æнгъезуй уой, æма æнæнцойнæ зæрди хецау Цæмæхъати Сæлихæн бантæстæй æ цардвæндаги арфиаг гъуддæгутæй æ фæсте ирд æма арф фæд ниууадзун …

Еу нæ, фал берæ рæзæдæттæг бæлæстæ ниссагъта. Етæ алли анз дæр сæ хуæрзадæ рæгъæд рæзæй барæвдаунцæ Сæлихи берæ фæдонтæ, сæ синхонтæ, хæстæгутæ æма зонгити. Еунæг нæ, фал æртæ цæрæн хæдзари дæр исаразта. Æ кæддæри сувæллæнттæ хецæн бийнонтæ бæргæ иссæнцæ, фал сæ хæццæ ба сæ кустадзагъд ниййергутæ цæрунæй ку нæ бафсастæнцæ …

Цæмæхъай-фурт æ уарзон бийнойнаг Елоон Тамари хæццæ «а» æма «о» -йæй фæццардæнцæ. Исгъомбæл кодтонцæ бафæнзуйнаг цæуæт цуппар фурти æма цуппар кизги: Виктор, Геуæрги, Руслан, Сослан, Любæ, Лидæ, Лемæ æма Рими. Етæ еугурæйдæр æнцæ амондгун нанатæ æма бабатæ. Гъо, нæ фæдздзæгъæли ’нцæ Сæлих æма Тамари берæ хъиамæттæ. Æгайти дæр ма!..

Цæмæхъати-Елоон Тамарæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæги, æ лæг фронти ку адтæй, уæд е ба Лескени гъæубæсти фæсевæди хæццæ уодуæлдайæй хъиамæт кодта Уæлахези сæрбæлтау: сæ гъæуи алли фарси аразтонцæ гъæуайгæнæн къæхтитæ (оборонительные траншеи).

Елоон Тамарæ адтæй хуæрзконд, мадзора, хæларзæрдæ, рæстдзийнади фарсдзорагæ, кустуарзагæ силгоймаг. Уомæ гæсгæ ба ин æ сæри хецау Сæлихи хæццæ Цæмæхъати муггаги, уæдта Лескени гъæуи адæми астæу дæр адтæй аккаг кадæ. Берæ æнзти дæргъи Елоон æ агъази хай лæвардта аллихузи кустити Лескени гъæуи совхози. Цалдæр хатти ин лæвæрд æрцудæй «Маддæлон намус»-и майдантæ, Кади грамотитæ æма æхцай премитæ.

* * *

Алли анз дæр Цæмæхъати Сæлих æма æ уодæнкъай Тамари бафæнзуйнаг байзайæггæгтæ 9 Майи, Уæлахези цитгин бæрæгбони æрæмбурд унцæ Лескени сæ фидиуæзæг, сæ райгурæн цæрæн хæдзарæмæ, сæ тугъдвæллад фиди æма сæ хъиамæтгун мади рохс нæмттæ æримисунмæ. Уотæ адтæй фарæ дæр. Уотæ уодзæнæй, æруагæс мин кæнуй, аци анз дæр. Цæстисугти хæццæ – имисæн бæрæгбон …

Сæ зæнæги дуккаг хестæр кизгæ Лидæ æй Икъати (Екъати) Анзори цардæмбал. Æ хъиамæтгун фиди рохс ном иссирдта æхе финст уадзевзæй æма ’й хæссæн нæ берæнимæдзон газет аргъаугути тæрхонмæ.

## НÆ ХЪИАМÆТГИН ФИДÆ

*Фидибæсти Устур тугъди,*
*Намуси надбæл цæугæй,*
*Фæууогæй си цалдæр цæфи,*
*Сæребарæ æрхастай.*
*Лескени гъæуæй Берлинмæ,*
*Автоматбæл федар хуæцгæй,*
*Не ’рхастай сæрмæ æгадæ,*
*Размæ цудтæ ду тундзгæй.*
*Дæ фætæн реубæл майдантæ,*
*Уæлахези цитгин бони*
*Сæрбæрзондæй ку хастай!*
*Куд феронх уæн мах нур уони?..*
*Кадæ дин кæнæн – тугъдон!*
*Майи мæйи нæ Цæдеси*
*Цийнæ кодтонцæ адæм.*
*Нæбал цудæнцæ фæдеси,*
*Æрцудæй кæрон тугъдæн!*
*Тугъдонтæ уæд сæ фурцийнæй,*
*Сæрмæ гæлстонцæ ходтæ,*
*Рейхстагбæл дæр*
*ниффинстонцæ*
*Сæ муггæгтæ устурæй.*

Аци æрмæг мухурмæ цæттæ кæнун, уой ку базудтонцæ Цæмæхъати Сæлих æма Тамари цæуæт, уæд мин æмгъæлæсæй, корæгау балæдæрун кодтонцæ:

– Дæ Хуцауи хатирæй, корæн ди æма уæлдай арфæ ракæнæ нæ ноститæн, хъæбæрдæр ба нæ хестæр æнсувæр Виктори бийнойнаг, Æхсæрисæри гъæуккаг Боллоти Долæти кизгæ Верæн. Е берæ æнзти косуй Лескени астæуккаг скъолай райдайæн кълæсти ахургæнæгæй. Кади хæццæ хæссуй Цæгат Иристони æскъуæлхт ахургæнæги ном. Виктори хæццæ исгъомбæл кодтонцæ æртæ кизги æма биццеу. Етæ райстонцæ уæлдæр ахургонддзийнадæ, сæхуæдтæ дæр гъомбæл кæнунцæ сæ кæстæртæ.

Боллоон Верæ нæ ниййерæг мадæ Тамари хæццæ аст æма инсæй анзи фæццардæй, раст мадæ æма хе кизги хузæн. Цубурдзурдæй, е нимадта æма устур кадæ кодта аст сувæллони исхæссæг ниййерæгæн. Нæ хъиамæтгун фидæ цардæгас ку нæбал адтæй, уой фæсте нæ еумæйаг хæдзари берæ аллихузон хабæрттæ ’рцудæй: киндзæхсæвæртæ, зиантæ æма уони кæндитæ …

Нæ хестæр æнсувæр Виктор (Витя) æма æ уарзон удæмбал Верæ лæкъунæрфугæй уотæ некæд загътонцæ, гъома, бафæлладан, кенæ ба фæрæзнитæй нæ хъæртæн …

Раст зæгъгæй, иннæ æртæ æнсувæри дæр некæд некæци гъуддагæй сæхе еуварсмæ раластонцæ, фал уæддæр устурдæр уæзæ ба етæ (Виктор æма Верæ) истонцæ сæхемæ.

Никки ба ма еума зæрдæхцæуæн хабарæн дæр æнæраргомгæнæн нæййес. Нæ минкъийæй ба сауæнгæ нæ раустурмæ мах ци дессаги синхбæсти фæццардан, кæми исгъомбæл ан, уоми сувæллон берæ ахур кæнун дæр нæ гъудæй. Нæ алливарс дæр цардæнцæ æгъдаугин, кадгин æма ахургонд бийнонтæ – уони аллихузи дæр бафæнзæ æма некæд фæррæдуйдзæнæ.

Синхонтæ алкæддæр кæрæдземæ сæ фарс бадариуонцæ, куд еу бийнонтæ, уотæ. Сæ кæрæдземæн кодтонцæ мадеуæг, æнсувæреуæг æма хуæреуæг. Нæ синхи бафæнзуйнаг бийнонти хестæртæ ба адтæнцæ: Гæмости Ибрагим, Хидирти Дзабола, Мæхæмæт, Хъожити Барис, Тахъазти Иса æма Елхъанти Эльбрус... Еци курухон хестæртæ нин ци рæсугъд æгъдæуттæ, фарнæ æма нæргæ кадæ ниууагътонцæ, етæ берæ æнзти фагæ ’нцæ цардамонæнæн нæуæг фæлтæртæн.

Хуцау уæхæн арфæ ракæнæд æма нæ тумугъ синхбæсти, уæдта нæ цитгин устур гъæубæсти еци агъазиау хæзна – фарнæ исæфт макæд уæд!.. Уой багъæуай кæнунбæл ка архайуй, уони цæрæнбонтæ ба берæ уæнтæ, нæ итигъд дуар дуйне нæбæл сабур уогæй!..

* * *

Цард æ хеваст кæнонтæ кæнæги кæнуй. Мадта, мадта!.. Еци æнæфинст фæззинд ба мæнмæ цæмæдæр гæсгæ кæсуй даргъ æфсæйнаг цæгтæгин рæхиси хузæн. Цæгтæ ’нцæ фæлтæртæ. Гъо, еу фæлтæр æййевуй инней. Уотæ ’й, Цæмæхъати фæрнæйдзаг Сæлих æма Тамари бафæнзуйнаг хæдзарвæндаг дæр. Сæ нимæдзæ, ку зæгъун, исхъæрттæй дæс æма æртинсæй адæймагемæ. Уæллаг сæ фулдæр фæккæнæд!..

Аци бийнонти кадгин хестæртæ Цæмæхъати Сæлих, æ уодæнкъай Тамарæ æма сæ дууæ цардгъæуагæ фурти Виктор (Витя) æма Руслан, гъулæггагæн, æнæнгъæлæги æносон дуйней евгед бацæнцæ... Рохсаг уæнтæ... Сæ фæсте ка байзадæй, уонæн ба хуæрзмæ ауодæнтæ. Уордигæй сугъзæрийнæ талатæ исуадзæнтæ.

Сæ кæстæртæ ба нур æртæ фæлтæри ’нцæ, æма уони кадгин хестæртæн ци нæ бантæстæй сæ уæлзæнхон царди, сæ ахили æма адæми пайдайæн искæнун, е син æртивæрæй бантæсæд!..

***ХИДИРТИ Валерий,***
***Лескени гъæу.***



ЦÆМÆХЪАТИ Сæлих æма æ цардæмбал Тамари кæстæртæ æма уони цæуæт.

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**ДРЕТИ Бибой фурт Къæлæу (Николай)**



**СÆЛБИТИ Ивани кизгæ Верæ**





**НОСОВ Филиппи фурт Сергей**



**ДЗАРАСТИ Салами фурт Николай**

**Сурх дзиуарæ æма Сурх æрдæгмæйи Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæуй 8 майи. Евгъуд æноси астæуи ци бархеуонти къуæрттæ арæзт цудæнцæ, етæ зилдæнцæ тугъди будури ка фæццæф æй, уонæмæ.**

***ХУДÆЛТИ Харитон (1905-2000), инæлар-лейтенант: «Зæнхæбæл фудæнхи арт ку иссугъдæй, уæд æз дæр фиццаг бæнттæй фæстæмæ мæ къохтæмæ райстон уæззау тохæнгарз æма фашисттæй истон нæ сæребарæуазагæ, рæстудæй æфхуæрд адæми маст. Еу æма дууæ хатти комкоммæ нæ исæмбалдтæн мæлæтбæл дæр,***

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**МАЛИКЪИТИ Туйгъани фурт Морадин**



**МАЛИКЪИТИ Туйгъани фурт Мæхæмæт**



**МАЛИКЪИТИ Туйгъани фурт Авдрахман**



**АСЕТИ Габийи фурт Барис**



КЪЕСАТИ Алексей нæуæгдзаути хæццæ фембæлди рæстæг.

# ЕЦИ ХЪАЗАУАТИ БÆНТТÆ – ÆНОСТÆМÆ ИМИСУЙНАГ

Дзæвгарæ æнзтæ рацудæй, кæдæй Европи тугъди цирен арт хустгонд æрцудæй, Берлини сæрмæ ба Уæлахези туруса исфелудта, уæдæй абони уæнгæ. Уæззау æма æверхъаудзийнæдтæй цъоппидзаг адтæй еци бонмæ советон адæми над. Нецихузи син ес феронхгæнæн, ци миллионгай адæм равардтонцæ сæ цард, цæйбæрцæбæл æгæрон материалон фæрæзнитæ харзгонд æрцудæй немуцаг-фашистион æрдонгтæ басæттунæн еци тогниккалди тугъдтитæн, еци хъазауати бæнттæн.

Æма кæд устур бæрæгбони хузæн бæрæггонд фæццæуй Уæлахези бон, уæддæр тугъди архайгути зæрдити гъæнтæ ба абони дæр нæма байгас æнцæ, цардæгас ма си ка 'й, етæ зæрдхъурмæй имисунцæ се 'дзард тугъдон æмбæлтти, фæрсæй-фарсмæ ке хæццæ тухтæнцæ, уони. Мæн ба фæндуй 50-аг æмпурсæг æфсади тугъдонти кой ракæнун, 1942-1945 æнзти æз адтæн еци æфсади командæгæнæги хуæдæййевæг. 1943 анзи æнæгъæнæ Нигулæн фронти, уони хæццæ ба мах æфсади рази дæр æвæрд æрцудæй устур ихæс: гъудæй знаги Курскаг-Орловаг хæйттæ ниддæрæн кæнун. Гитлеронти фæстаг агъазиау æрбампурст æрæнсæндгæй, мах æфсæддон хæйттæ иннæ еугæндти размæ рампурстонцæ. Артиллеристон дæргъвæтийнæ цæттæдзийнади фæсте нæхебæл нæ зæрдæ фæддардтан, æма нин бантæстæй цæугæдон Жиздрайи рази гитлеронтæ ци федар арæсæн бунæттæ исаразтонцæ, уонæбæлти балæгæрдун æма цалдæр бонемæ нæ къохи бафтудæй сæ ахæст рауæнти сæдæ киломертей бæрцæ балæгæрдун.

Уæлдæрлæуууæг командæгæнæг штаби бардзурдмæ гæсгæ не 'фсад конд æрцудæй фронти хурфи æнæгъæнæ 180 километрей фæзуатбæл, цæмæй сахар Рославльмæ бампурстайанæ, уой туххæй. Æфсæддон Совет исбæлвурд кодта, сæйраг ниццæвд кæцирдигæй конд æрцæудзæнæй, еци рауæнтæ. Æфсади командæгæнæг инæлар Балдин фæндæ бахаста, цæмæй знаги ниццавтайанæ Воронцови райони 'рдигæй. Сæ кæрæнтти сæ цæвгæй, гъæуама уотемæй рахизтайанæ знагæн æ фæскъилдунмæ. Æфсæддон Совет растбæл банимадта уæхæн фæндæ. Нæ тугъдонтæн бантæстæй æ исæнхæст кæнун, куд нисангонд цудæй, уотемæй.

Мах участокки знаги хæйттæ нæ нихмæ ка лæудтæй, етæ дæрæнгонд æрцудæнцæ, дзæвгарæ тохæнгарз байсун бафтудæй нæ къохи, уæдта нæ командæгæнгутæ куд баунаффæ кодтонцæ, уотæ нин бантæстæй знаги фæскъилдунмæ рахезун. Оххай, уацари бахауни тæссæй гитлеронтæ æнæ истохгæй фæуугъ тонцæ сæ федæрттæ æма сæхе фæстæмæ райстонцæ, уотемæй æхсæз суткемæ знаги ахæст территорити балæгæрстан æнæгъæнæ 200 километри. Уæгъдæгонд æрцудæнцæ Рославль, уæдта нæ надбæл фиццагидæр ци белоруссаг сахар Хотимск исæмбалдæй, е. Уой фæсте ба – сахартæ Климатовичи, Кричев, Чертково, Пропойск. Гъе уотемæй Днепри билгæронмæ рахизтан.

Оперативон пъланмæ гæсгæ 50-аг æфсад гъæуама знагæй исcæребарæ кодтайдæ белоруссаг сахар Новый Быхов. Е æрæнцадæй Днепри æндаг билгæрон æма гъæуама уоми æрфедар адтайанæ. Æмпурсти размæ Днепри сæрбæл ех æрфедар æй, фал бустæги зæрдæдаргæ ба нæма адтæй, цæмæй ибæл нæ артиллери бацудайдæ, уомæй. Еунæг гæнæн нин адтæй нæ техникæ гъæдтæй арæзт хедбæл бауордæг кæнунæн дæр, фал е дæр цуппар рауæнеми ихæлд æрцудæй гитлеронти къохæй. Нæ сапертæ хед бацалцæг кодтонцæ. Уой фæсте не 'фсæддонтæ ласун райдæдтонцæ артиллери цæугæдони æндаг фарсмæ. Фал нæбæл уæдмæ немуц нæуæгæй дзармадзанти фæттæ нигъзалдтонцæ æма бабæй хед дууæ рауæнеми фехалдтонцæ.

Хед фæстæмæ рарæвдзæ кæнун ихæсгонд æрцудæй дæлболкъон Г.Х. Кикнадзей батальонæн. Куддæр хед аразунмæ бавналдтонцæ, уотæ сæ знаг дзармадзантæй æхсун байдæдта. Уæддæр сæуми æртæ сахаттемæ хед конд адтæй, æма сæумицъæхæй нæ артиллери донуордæг фæцæй. Нæ фестæгдзæуæг æфсад ба еци рæстæг билгæронæй 2025 километри еуварсдæр адтæй, карз тох кодта Новый Быхови рæбунти. Еци хед арæзуни ка архайдта, уонæй аст æма дууинсæй тугъдони хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ паддзахадон хуæрзеугутæй.

Тохунæн фæзуат фæуурухдæр кæнун нин бантæстæй, знаг æнсæнст æрцудæй, ниддæрæн æй кодтан.

Не 'фсад 1944 анзи уалдзæги ба конд æрцудæй 2-аг Белоруссаг фронтмæ æма нæ тох райдæдта сахартæ Чаусы æма Могилев знагæй исуæгъдæ кæнунбæл.

Еци тугъдтити уæлдай æхсаргиндæрæй сæхе равдистонцæ, Л.Д. Терешков ци дивизийæн разамунд лæвардта, уой тугъдонтæ. Бæгъатæр æма федар зæрди хецау адтæй инæлар æхуæдæг дæр. Æ бардзурдæй æфсæддонтæ æдæрсгæй балæгарстонцæ минитæй ефтигъд будуртæбæл æма батудтонцæ знаги федæрттæ, арæсæнтæ.

Æма дууæ сахари дæр уæгъдæгонд æрцудæнцæ. Немуц уæхæн бæрзæйсæттæн ниццæфмæ не 'нгъæлмæ кастæнцæ æма сæ фурхæлæфæй сæ тохæнгæрзтæ дæр ма ниггæлстонцæ будурти, уотемæй фæлледзæги 'нцæ.

Æгириддæр сæ исуолæфун нæ уадзгæй, сæ фæсте еци æмпурсгæ цудæнцæ мах æфсади тугъдонтæ. Сауæнгæ ма раздæр ци федæрттæ 'рцæттæ кодтонцæ, уонæми æрбундоруни фадуат дæр син нæбал фæцæй. Уой фæсте нæ них исаразтан Белоруссий сæйраг сахар Минскмæ.

1944 анзи Минскмæ бацæуни не 'фсадæн бантæстæй немуци устур къуарбæл æртухсун. Цалинмæ сæбæл нæ еу хæйттæ тумбул кодтонцæ сæ алфамбулай, уæдмæ сæ нæ иннæ хæйттæ ба дæрæн кодтонцæ. Æнæгъæнæ 147 мин немуцаги, сæ командæгæнæг инæлар Мюллер дæр сæ хæццæ, уотемæй ист æрцудæнцæ уацари. Нæ къохи бафтудæй сæ еугур техникæ æма тохæнгарз дæр.

Мински фæсте ба байстан Белоруссий иннæ сахартæ: Скидель, Мосты, Гродно, сæ хæццæ ба ма никкидæр берæ гъæутæ. Гитлерон æфсæдтæ нин карз нихкъуæрод раттун бæргæ багъавиуонцæ, фал син неци бантæсидæ, æма уотемæй сæхе райстонцæ Польший зæнхитæмæ, сахартæ Осовец æма Августовмæ. Августов нæ къохи бафтудæй байсун æнæ истохгæй, фал Осовец райсунбæл ба берæ тог никкалдæй.

Нæ размæмпурст нин бауорамуни зæрдтæй знаг тухамæлттæ кодта.

Уæд уотæ рауадæй, æма 50-аг æфсади дзармадзантæн фæттæ нæбал фагæ кодта. Æма инæлар Болдин размæ разелун кодта зениткитæ æма знаги федæрттæ уонæй æхсун райдæдтан. Æфсæнвæндаггон бацæуæни 'рдигæй нин бантæстæй Осовецмæ бампурсун æма дууæ сахаттей фæсте ба сахар адтæй мах къохти. Æндеггæй бакæсгæй сабур цæрæг сахари хузæн зиндтæй, фал куд рабæрæг æй, уотемæй æ хурфи разиндтæй æфсæнбетонæй арæзт 3-4 уæладзугон федаргонд, æ алфамбулай ба æхсæн дзоттæ.

Уæлахезон 1945 анзи тох кодтан знаги нихмæ Скæсæйнаг Пруссий. 27 апърели нин бантæстæй, Мазураг цадти немуцаг фашистон æфсæдтæй ци гъæуайгæнæн мадзæлттæ исаразтонцæ, уони батонун. Уæлдай карз тох цудæй гитлеронти «зæрдбæлдарæн федар» – сахар Кенигсберг байсунбæл, цидæр адтæй, уæддæр нин е бантæстæй 9 апърели. Ами, Скæсæн Пруссий нæбæл исæмбалдæй нæ Уæлахези хабар дæр.

Фæстæдæр ба 50-аг æфсади хецæн хæйттæ архайдтонцæ империалистон Японий нихмæ тугъди дæр.

Еци уæззау хъазауатон рæстæгутæн æма хабæрттæн нецихузи ес феронхгæнæн. Æностæмæ имисдзинан нæ Фидибæсти сæрбæлтау æ цард рæстуодæй ка иснивонд кодта, нæ еци æхсаргин тугъдонти рохс нæмттæ...

***КЪЕСАТИ Алексей,***
***инæлар-майор.***

**Æдзард тугъдонти номерæн бон æй 9 май. Æримисæн син сæ рохс нæмттæ, Исфæлдесæгæй син ракорæн дзенети уодæнцойнæдæр рауæн...**

*дæсæймаг гвардион дивизий командирæй мæ ку иснисан кодтонцæ, уæд нæ размæ æвæрд цудæй берæ ихæстæ. Нæ 10-аг гвардион дивизийæн лæвæрд æрцудæй ном Печенегаг, нæ тугъдонтæй 1200 райстонцæ паддзахадон хуæрзеугутæ, фондземæн ба си исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном...»*





Гвардион 13-аг æхсæг корпуси командир инæлар-майор ЦÆЛИККАТИ Хъантемур (рахесæрдигæй дуккаг) е 'мтохгæнæг æфсæддон разамонгути хæццæ.

# КАДИ ÆМА НАМУСИ ХÆЦЦÆ ÆНХÆСТ КОДТА Е 'ФСÆДДОН ИХÆС

*Иристони берæ муггæгтæмæ рагæй нурмæ дæр адтæй æма ес абони дæр, сæрустур кæмæй æнцæ, е 'рвадтæлти кадæ бæрзонд ка исиста, æ хуарзи кой идæрдтæбæл кæмæн райгъустæй, уæхæн адæймæгутæ. Еци муггæгти нимæдзæмæ хаунцæ Цæликкатæ дæр. Сæ фæсевæдди минæвæрттæ кæддæриддæр адтæнцæ разæгти хæццæ куд сабур цæрди, уотæ Фидибæсти сæрбæлтау тохи дæр. Игъустгонд тугъдон лæг адтæй, зæгъæн, Цæликкати Данилбег, паддзахи æфсади инæлар-майор.Уæлдай æхсаргинæй фескъуæлхтæй 1977-1878 æнзти уруссаг-туркаг тугъди рæстæг. Сæрустур си адтæй æфсад æнæнгъæнæй дæр, сæрустур си адтæй болгайраг адæм дæр, кæцитæн цитгийнаг адтæй куд туркаг гъезæмæрттæй сæ фæййервæзунгæнæг. Номдзуд уруссаг инæлар ба ин еумæ æфсæддон хуæрзеуæг дæттæй загъта: «Сæрустур ди дæн, Данилбег!..»*

*Никкидæр ма Цæликкатæй беретæ иссæнцæ, куд паддзахи доги, уотæ советон рæстæгути дæр зундгонд æфсæддон архайгутæ. Уонæй еу – Алагири районæй Нæуæггъæуæй рацæуæг Цæликкати Александри (Ахбердий) фурт Хъантемур дæр.*

Райгурдæй 1908 анзи 10 апърели. Сурх Æфсади рæнгъити адтæй 1929 анзæй фæстæмæ. 1932 анзи каст фæцæй Фæскавказы Бакуй 26 комиссарей номбæл фестæгæфсæддон скъола æма службæ кодта 80-аг æхсæг дивизий 240-аг æхсæг полкки, фиццаг взводи, фæстæдæр ба – роти командирæй. Æ хуарз æнтæстити туххæй 1934 анзи хуарзæнхæгонд æрцудæй



ЦÆЛИККАТИ Хъантемур

Сурх Стъалуй орденæй. Фæстæдæр Хъантемури рарвистонцæ М.В. Фрунзей номбæл æфсæддон академимæ. Зæрдæргъæвд лæхъуæн æнтæстгинæй фæцæй æ ахур уоми дæр. Академи фæууни фæсте Хъантемури рарвистонцæ Идард Хорискæсæнмæ, уоми райдæдта косун 1-аг хъайади хецауи хуæдæййевæгæй, фæстæдæр ба 'й исæвардтонцæ 1-аг æхсæг хецæн бригади штаби хецауæй, идарддæр – 176-аг æхсæг дивизий штаби разамонæгæй.

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Хъантемур кæми службæ кодта, еци дивизи, 9-аг æфсади уогæй, архайдта Хонсари фронти тугъдон цаути. Цæликки-фуртæн æ барæ бакодтонцæ 591-аг æхсæг полккæн разамунд дæттун, уомæн æ раздæри командир ба фæцццæф æй.

1941 анзи сентябри Хъантемури дæлбарæ бакодтонцæ 377-аг æхсæг полкки дивизи, анзи фæсте ба 3-аг гвардион æхсæг дивизи. Еци æфсæддон хай архайдта Сталинграды, Ростови, Донбасси, Мелитополи, Хъирими



Циртдзæвæн ЦÆЛИККАТИ Хъантемури циртбæл Дзæуæгигъæуи Ирон аргъауæни тургъи пантеони.

æмпурсæн операцити, уæгъдæ кодта знагæй сахартæ Евпатори, Севастополь, Каховкæ, Молочанск, Новочеркасск, Волновахæ. Волновахæбæл тугъди уæлдай хъæбæрдæр ке фескъуæлхтæй, уой туххæй дивизийæн равардтонцæ ном «Волновахаг».

Цæликкати инæлари туххæй 13-аг гвардион æхсæг корпуси командир, инæлар-майор Чанчибадзе уотæ финста: «3-аг гвардион æхсæг дивизийæн разамунд дæттæй, æхе равдиста хуарз стратег æма дæсни æфсæддон разамонæгæй. Зумæги зин уавæрти хъæбæр арæхстгинæй амудта æ дивизийæн балций над, уой фæдбæл ин лæвæрд æрцудæй Гъæуайкæнуйнади адæмон комиссари Арфи финстæг».

Хъантемури 1944 анзи майи иснисан кодтонцæ 13-аг гвардион æхсæг корпуси разамонæг, еци æфсæддон хай адтæй Уæлдæр командæкæнуйнади Ставки æвæрæни (резерви). Июли ба 'й байеу кодтонцæ 1-аг Прибалтики фронти æфсæдти хæццæ.

Советон Прибалтики зæнхитæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй уæгъдæ кæнгæй, 1944 анзи фæззæги Шауляйи нимпурсæн операций рæстæг Цæликкати Хъантемур бæгъатæрæй фæммард æй. Байвардтонцæ 'й сахар Витебски, фæстæдæр ба, 1949 анзи ба 'й кири исластонцæ æ райгурæн Иристонмæ æма æфсæддон цитгин мадзæлтти хæццæ 'й байвардтонцæ Дзæуæгигъæуи Ирон аргъауæни тургъи мемориалон уæлмæрдти.

Цæликкати Хъантемур æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Турусай дууæ орденемæй, Суворови дуккаг къæпхæни æма Кутузови дуккаг къæпхæни ордентæй, Фидибæсти фиццаг къæпхæни æма Сурх Стъалуй ордентæй.

Абони Цæликкати Хъантемури имисгæ ба уомæ гæсгæ кæнæн, æма æрæги 10 апърели – æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1908-1944). Уой фæдбæл Дзæуæгигъæуи Ирон аргъауæни Пантеони инæлар-майор Цæликкати Ахбердий фурт Хъантемури цирти рази адтæй митинг. Исаразта 'й Цæгат Иристони æхсæнадон организаци «Цæликкати муггаги культурон бундор». Хеуæнттæ, хæстæгутæй уæлдай ма аци мадзалмæ æрбацудæнцæ Цæгат Иристони ветеранти Советы, Дзæуæгигъæуи æма Алагири районти ветеранти организацити минæвæрттæ, Нæуæггъæуи администраций сæргълæуууæг Демурати Хъазбег, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити косгутæ, æригæнтти æфсæддон-патриотон æхсæнадон æзмæлд «Æригон æфсад»-и архайгутæ.

Митинг байгон кодта муггаги æхсæнадон организаци «Цæликкати культурон бундор»-и сæрдар Цæликкати Александр. Е радзурдта Хъантемури цард æма тугъдон нæдти туххæй. Цæликкати Эльбруси радзубандийæй ба митинги архайгутæ базудтонцæ, Хъантемур куд зин уавæрти ирæзтæй, уæдта æ бийнонти царди хабæрттæ.

Нæ республики тугъди æма æфсæддон службæ ветеранти Комитети сæрдар Азиати Александр баханхæ кодта уæхæн мадзæлтти ахедундзийнадæ фæсевæди æфсæддон-патриотон гъомбæлади.

Цæликкати Александри хæццæ арази уогæй, уотæ дæр ма загъта, еци гъомбæладон архайди медæгæ æнæмæнгæ гъæуй дзорун, нæ лæхъуæнтæй нуртæккæ сæрмагонд æфсæддон операций ка архайуй, уони бæгъатæрдзийнадæ æма лæгдзийнади туххæй дæр.

Кæронбæттæни митинги архайгутæ исæвардтонцæ деденгутæ инæлар-майор Цæликкати Хъантемури циртбæл.

**ХЕКЪИЛАТИ Маринæ**

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**ГОБЕТИ Беслæни фурт Виктор**



**ГОБЕТИ Афайи фурт Агубе**



**БАЙМÆТАТИ Темури фурт Тотик**



**ДЗАГОЙТИ Гуймани фурт Генардухъ**

**Медицинон хуæри Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 12 майи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн еугур косгутæн дæр сæ арфиаг фæллойни фæдбæл.**

***Сæрмагонд æфсæддон операций Украини архайæг Фидарати Дзантемур хуарзæнхæгонд æрцудæй Бæгъатæрдзийнади орденæй. 2022 анзи октябри æрвист æрцудæй Украинæмæ, сæрмагонд æфсæддон операци кæми æнхæстгонд цæуй, уордæмæ. Æма уоми архайгæй бавдиста лæгдзийнадæ, æ тугъдон ихæстæ æнхæст кæнгæй.***


ГОБЕТИ Серго

# «Æ ЦАРД КАДГИНÆЙ ХАСТА...»

Хуæнхаг гъæу Стур Дигорæ æрæнцадæй Дигори коми Ирæфи рæбун уæлтегъæ. Аци алæмæти дзенетифтуд бæстихайии 1998 анзи Гобети Артеми хæдзари исæнтæстæй Серго. Сауæнгæ ма, минкъий лæги бундзæфхади кари угæй дæр, æ тоги нихххизтæй хестæртæн æгъдау дæттуни фæткæ. Æнзтæ сæ цуди кой кодтонцæ, биццеу бацудæй гъæуи астæуккаг скъолай фиццаг къласмæ. Æ бон куд адтæй, æ зонундзийнæдтæ куд амудтонцæ, уотæ нецæмæй аурста æхебæл ахури, фал уæлдай æвзугъддæр ба адтæй æ хестæртæн лæггадæ кæнунмæ.

Серго ма хуæрзæригон адтæй, уотемæй æ фидæ Артем уæззау незæй æруатон æй. Бийнонти сæрбонсæн ци нæ хузи хуастæ мадзал кодтонцæ, æвæдзи, уæхæнæй неци байзадæй, фал уæддæр адзал тухгиндæр разиндтæй æма рандæй, фæццæуæн кумæ ес, раздæхæн ба кæцæй нæбал ес, еци æносон дуйнемæ. Серго æма æ хестæртæ Спартак æма Светæ сæргубурæй райзадæнцæ се 'мгæртти 'хсæн.

Сергой лæгигъæдгун менеугутæ раги рабæрæг æнцæ. Кæстæреуæг ракæнунмæ, идзагдар фæллæууунмæ, гъæубæл хонæг кенæ гъæргæнæг рахæтунмæ ин æ раз æндæр лæги фурт нæ байахæстайдæ, уотæ æнæзиннадæ æма цæрдæг æзмалдæй. Сауæнгæ ма син скъолай нæуæг анзи бонмæ «Метин Дада»-йæй лæварæн ци адгийнæгтæ раттиуонцæ, уони дæр сæ хæдзарæмæ некæд æрхаста, гъæунги сæ сувæллæнттæн байуаридæ, кæд æхуæдæг нерæнги ма цъигъин адтæй, уæддæр уотæ ракæнидæ:

– Кæд уин сувæллон нæ дæн!..

Серго уæлдай æхцулдæр адтæй æ фиди мадæбæл: «Мæ нана», зæгъгæ, æ хъури буни бабуридæ. Угæ æ фиди мадæ – Æфсæнон Асиат дæр æ бæдоли бæдоли, куд фæззæгъунцæ, уæлдай гъолондæр уарзтæй уарзта...

Серго астæуккаг скъола каст ку фæцæй, уæд косун райдæдта «Арви къæсæр», зæгъгæ, ка хуннуй, еци уолæфæндони.

Царди хуæрзтæ адæймагбæл сæрæй бунмæ куд æрхаунцæ, бунæй сæрмæ дæр ибæл, хатгай, уотæ исзелунцæ.

Сергомæ 2021 анзи фæдздзурдтонцæ Уæрæсей æфсади рæнгъитæмæ, æ райгурæн бæсти рази æ ихæс бафедунмæ. Æрвист ба æрцудæй сахар Хабаровскмæ. Куд гъæуи иннæ бæлццæнтти, уотæ Сергой дæр Стур Дигори гъæуи цæргутæ рафæндараст кодтонцæ æртæ къерей исковгæй. «Цирти рохси дзиуари» ковæндони 'й нæ Исфæлдесæггæбæл бафæдзахстонцæ. Æфсади дæр Серго æхе равдиста лæгигъæдгунæй. Службæ кодта уæлдæфон-десантон хæйттæй еуеми. Бийнонтæ, гъæубæстæ хъæбæр æнгъæлмæ кастæнцæ сæ бæлццони исæздæхтмæ. 2022 анзи æ фиди мадæ Асиати гъæбеси хуæрзæнгорæггаг кадæр февардта Сергой æфсæддон ходæ:

– Дæ бæлццон уæ хæдзарæбæл дзæбæхæй исæмбалдæй!..

Бийнонтæ, гъæубæстæгтæ зæрдæй бацийнæ кодтонцæ лæхъуæни исæздæхтбæл.

Сугъзæрийнæ зæрдæ æма къохти хецау, Гобей-фуртæн цардихабæртти амонун уоййасæбæл неци гъудæй, аццагъуæгин адтæй, алцæмæдæр хуарз æрæхстæй æхуæдæг, æхе уодиконд æма зундирахастмæ гæсгæ. Нæуæгæй бабæй косун райдæдта æ фиццаг кусти. Нæ коми алли къотæр, алли къахнад дæр ин зундгонд адтæнцæ æма ци бæлццæнтти къуар фæеххонидæ æрдзи дессæгтæ фæууинунмæ, етæ си алкæддæр арфиагæй байзайиуонцæ.

Уæрæсе сæрмагонд æфсæддон операци ку райдæдта, уæд Серго дæр барвæндонæй рандæ 'й Украинæмæ. Цидæр адтæй, уæддæр хеуæнттæ дæр ма ци загътайуонцæ... Æ уодиконд ин зудтонцæ, гъома, ести гъуддаг исаразун исфæндæ кодта, уæд æй æнæмæнгæ исæнхæст кæндзæнæй, уомæн æма ибæл рагацау бундоронæй расагъæс кæнидæ, æма 'й растбæл ку банимайидæ, уæд унаффæ еу уидæ: ихæсгин дæн... Æма хеуæнттæ дæр, гъæубæстæ дæр фарæ фæззаги рафæндараст кодтонцæ Сергой е 'фсæддон балци...

Хуарз æй ка зудта, етæ абони куд имисунцæ, уотемæй, еске æй ку фæрсидæ, хабар куд æй, зæгъгæ, уæд син Серго зæгъидæ:

– Дзæбæх!..

Некæд неке зæрдæ бамæгур кодта æригон лæхъуæн, некæд неке батухсун кодта æ сагъæстæ æма æ райаразуйнаг хабæрттæй.

Серго æнхæст кодта е 'фсæддон ихæстæ, хеуæнттæн ба радаргъ æнцæ сæ бæлццони фæззиндмæ æнгъæлмæ кæсуни бæнттæ. Бæргæ бахицæ кæнидæ Сергой мадæ Аллæ, æ бæлццон деденгути басти хæццæ сæрæгасæй æма æнæнезæй кæмæ æрæздæхидæ, еци ниййергутæмæ... Бæлдтæй, мæхе фурт дæр мæмæ рæхги гъе уотемæй фæззиндзæнæй... Фал... Гъулæггагæн, æностæмæ хицæргæнгæй байзадæй... Нæбал имæ фæззиндтæй æ цæрæццаг бæдолæ.

Стур Дигорæбæл æнæнгъæлти исæмбалдæй сау хабар: «Сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй æма е 'фсæддон ихæс æхсаргинæй æнхæст кæнгæй, Украини фæммард æй Иристони исуйнаг лæхъуæн Гобети Артеми фурт Серго...»

Серго айдагъ Иристонæн нæ, фал æнæгъæнæ Уæрæсейæн дæр æй сæ бæгъатæр. Рохсаг уæд... Мæрдти сугъзæрийнæ талатæ исуадзæд...

### ÆРИГОН БÆГЪАТÆР

*Стур-Дигорæ – нæхе гъæу,*
*Кадгинæй зонунцæ дæу.*
*Дæ бæдæлттæ – сахъигурд,*
*Не 'ййафуй сæ лæги фурт.*

*Серго дæр си ирæзтæй,*
*Лæгдзийнадæй æнхæстæй.*
*Стур-Дигорæ уарзта,*
*Æ цард кадгинæй хаста.*

*Тухгин ке æй Уæрæсе,*
*Уомæн нæ гъæуй неке.*
*Ке нæ ин ес басæттæн, –*
*Хуарунцæ 'й уомæн сæттæй.*

*Гобетæн сæ кæстæр фурт*
*Нæ бахезгæй еске дзурд,*
*Рандæй тугъдмæ хебарæй,*
*Раздзуд угæй æ хъаурæй.*

*Æнæнгъæлти знаги фат,*
*Бахизтæй æ зæрди уæд.*
*Æверхъауæй фæцæй мард,*
*Æ Дигоргомæй идард.*

*Æстъæлфтæй мадæ фунæй,*
*Хуарзаг фун, дан, мин ку нæй.*
*Хуæнхтæй расхъиудтæй къæдзæх,*
*Æрæнсанста лæг æд бæх.*

*Ци уодзæнæй е мадта,*
*Некæмæн æй радзурдта.*
*Фæтътъæпп уидæ кæд сау фун,*
*Æнæхаири сау рун.*

*Æвеппайди сау хапон –*
*Сау хабари фæдесон, –*
*Гобетæмæ бауаста,*
*Мади зæрдæ никкарста.*

*Гобети минкъий бундор,*
*Исæргъавта арви дор.*
*Мадæ кæмæ фæббæлдтæй,*
*Е сау кири исхъæрдтæй.*

*Нæ ирддзæстæ сахъ Серго,*
*Дзенети хай нур фæууо.*
*Æности дæ имисдзиан,*
*Дæ кадæнгæ кæндзинан...*

***ХАЙМАНТИ Антонинæ***

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»


**НИГКОЛТИ Темболи фурт Александр**


**СЕХЪОТИ–БУРНÆЦТИ Ивани кизгæ Варварæ**


**ХАЙТИ Ехьяй фурт Мæхæмæт**

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **950**. Заказ **№ 951.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 05.05.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 05.05.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**